ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№42 (22. 200) ● 2012 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 12, блыщхьэ ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и цІэ льапІэхэр яфІэщыным и ІуэхукІэ

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Щэнхабзэмрэ гъуэзджэмрэ я ІэнатІэм фІыщІэ ин зэрыщаІэм икІи Къэбэрдей-Балкъэр Республикэмрэ Краснодар краймрэ я льэпкъхэм яку дэлъ щэнхабзэ зэныщІэныгъэхэр гъэбыдэным куэд зэрыхащІыхьам папщІэ цІэ льапІэхэр яфІэщын:

«Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и артист» иІэр

Ярешкэ Полинэ Владимир и пхъум - «Кубань къэзакъ хор» къэрал бюджет щІэныгъэ-творческэ Іуэхущ Іапэм ЛЬэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэ орден зиІэ и къэрал академическэ Кубань къэзакъ хорым и артистым - уэрэджыІаКІуэм, сцэнэм и артист пэрытым,

«Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм гъуэзджэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэр

Литовченкэ Александр Михаил и къуэм - «Кубань къэзакъ хор» къэрал бюджет щІэныгъэ-творческэ Іуэхущ Іапэм ЛЬэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэ орден зиІэ и къэрал академическэ Кубань къэзакъ хорым программэхэр зыгъэув и балетмейстерым.

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2012 гъэм мазаем и 29-м
№30-УГ

УФ-м и субъектхэм я Іэтащхьэхэм я зэфІэкІым теухуауэ

«Независимая газета» газетым къытридзащ Урысей Федерацэм и щІыналъэхэм я Іэтащхьэхэм я зэфІэкІыр здынэсыр къэзыгъэлъагъуэ рейтинг. Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Іэтащхьэр абы хэхуащ «зэфІэкІ нэхъыбэ» зиІэхэм ящыщу. ЩІышылэм и рейтингыр къызэрытрадзэрэ блэкІа зэманым къыбгъэхьащ Къанокъуэ Арсен иІыгъ зыныпІэр 10-кІэ дэкІуэтеящ. А щыІэхалъхьэм къалытащ унафэщІыр къэралым и жылагъуэ-политикэ Іуэхухэм зэрыхэтыр, субъектым и зыужьныгъэм и лъэныкъуэ зэмылІэужьыгъуэхэр.

Дызэрыщыгъуазэщи, Урысей Федерацэм и Президент Медведев Дмитрий мазаем и кІэм Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Іэтащхьэм фІыщІэ къыхуищІащ «Урысей Федерацэм и субъектхэм я социально-экономикэ зыужьныгъэм къаруушхуэ зэрырихьэлІэм икІи илъэс куэд льандэрэ хьэлэзыр зэрылажьэм папщІэ».

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

№42 (22. 200) ● 2012 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 12, блыщхьэ ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●

Дунеяплъэ къакІуэхэри къыхуэарэзыщ

2012 гъэм и мазаем кърифыдзу КъБР-м и Іэтащхьэм интернетым щиІэ сайтым (www.president-kbr.ru) тхыгъэ 406-рэ къагъэхьащ. Абыхэм ящыщу 114-р зытеухуар псэупІэ зэгъэпэщыным пыщІа гугъуехьхэрщ, 27-р топсэльыхь псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм ехьэлІа Іуэху зэмылІужьыгъуэхэм, 20-р егъэджэныгъэм, 63-р узыншагъэр хьумэнымрэ лэжьапІэ къэлыхьыгъэнымрэ. Тхыгъэхэр къезыгъэхьаХэм ящыщу 29-р щІыпІэ унафэр зэрызэрагъакІуэм, лэжьапщІэ зэратым, апхуэдэу мыхьумыщІагъэ зэмылІужьыгъуэхэм топсэльыхь, цІыху 31-м КъБР-м и Іэтащхьэм фІыщІэ кьыхуащІ.

НАЛШЫК щыпсэу цІыхубзым кьитхащ: «Ди унэм щагъуэра лифтым и лэжьыгъэр ильэсищ льандэрэ тэмэму яку эзэтеухуэркъым». Налшык къалэ округым и щІыналъэ администрацэм абы и жэуапу кьитхыжькм къызэрыхэзыщымкІэ, цІыхухэр зэрызекІуэ лифтыр икІэщІыпІэкІэ зэрагъэпэщыжауэ, ящ дыдэ тэмэму мэлажьэ.

Тырныауэ къалэм къикІыу Къэбэрдей-Балкъэрым и Іэтащхьэм къыІэрыхьа тхьэусыхафэрэ зэхьэлІар псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм и Іэнатіэрт. Абы къызэрыщыгъэльэгъуамкІэ, къалэм и уэрамхэм ящыщ зым ильэс етІуанэм нэсауэ псы щІыІэр къыщиудауэ бжьамиІм къыщижьыр, ауэ а Іуэхумкіэ хэт зыхуамыгъэзами, зыри иращІэртэжьым. Кьанокъуэ Арсен пщэрыльэ зэрыщищІам ипкъ иткІэ, а Іуэхур зэхигъэкІащ Іуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и администрацэм и Іэтащхьэ Малкаров Аслъан. Иджы а Іуэхур зэтес ящыІакащ икІи а хьэблэм дэт унэхэм псыр тэмэму яІэрохьэ.

КъБР-м и Іэтащхьэ Кьанокъуэ Арсен хуэгъэзэа фІыщІэ псалъэхэр зэрыт тхыгъэр Новокузнецк кьалэм кьикІащ: «2011 гъэм сэ Къэбэрдей-Балкъэрым сынэкІуащ икІи Налшык, Прохладнэ кьалэхэм, Къэщкъэтау поселкэм сыщыІащ, адэкІэ кьурышм сихьащ. Кавказыр кьурш уарэзэкъэрэ егъэлеяуэ гуапагъэ зыхэль цІыхухэмрэ я щІыналъэщ. Сэ Іуащхьэмахуэ сыдэкІащ икІи метр 5.642-рэ зи льагагъ щыгум сытету зысплъыхьащ. Сэ школым физкультурэмрэ тхыдэмкІэ щызогъащ, Урысейм и щІыналъэ гъунапкъэншэр кьыІэхыжькІух. Дэнэ щІыпІэ сыкІуэми, абы я щІыуэпсым, тхыдэм щыІэуаэ зыІощІ. Кавказэр, абы и щыгу льагъэхэм хуэдэу, гъунапкъэншэу кьулейщ. Сэ аргуэру мы гъэм КъБР-м сынэкІуэнущ, сызыкІунэмыса кьэхутэныгъэхэмрэ сыздэмыкІуа щыгухэмрэ иджыри щыІэщи. Сэ уэ, Арсен Башир и кьуэм, фІыщІэ пхузощІ щІалэгъуалэр зэкъуэшыгъэмрэ лъэпкъхэм я зэхуэдэныгъэмрэ хуэгъэзэнымк Іуэхуа политикэ зэребгъэкІуэкІым, ди Хэку иным - Урысей Федерацэм - ис лъэпкъ псори зэгурыгъэІуэным куэд зэрыхэпщІыхьым папщІэ. Сэ хэхуауэ щыгъуазэ зызощІ Урысей империем и къэзакъ дзэхэм я тхыдэм. Хуабжьу си гуапэ хуауащ фи деж а тхыдэ гъэзэджэр зэрыщІыщІэзгъэгъуэзжыр, къэзакъ кадет корпус къызэрыщыІэзгъэпэщыр. Уэшнагъэ бдыдэ уиІэну, цІыхубзм папщІэебгъэжьІэ пэжьыгъэщІэм уеХьулІэну сынохьуэхьу!»

ДЕРБИТ Кьазбэч,
КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапэм и лэжьакІуэ.

Налшык и Къэрал концерт гъэлъэгъуапІэм ЩІыхубзхэм я дунейпсо махуэм ирихьэлІэу зэхуэс щекІуэкІащ. Ар ирагъэкІуэкІащ Ащхьуэт Ритэрэ Абэнокъуэ Рустамрэ.

ПЭУБЛЭ псалъэ зрата, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ І **Гертер Иван** къеджащ Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Іэтащхьэ Кьанокъуэ Арсен цІыхубзхэм зэрызахуигъаазэ хъуэхъу тхыгъэм.

- ЦІыхубзым ди жылагъуэ гъащІэм сыт щыгъуи мыхьэнэщхуэ щиІащ, иджыри апхуэдэу кьокІуэкІ. Ди республикэм и дэтхэнэ ІэнатІэми цІыхубзхэм хуэфащэн увыпІэ щысІыгъщ, узыншагъэр хъумэныр, щІэблэр егъэджэныр, цІыхубзр узэщІынырщ, нэгъуэщІ лэжьыгъэхэри тэмэму фогъэзащІэ, - итщ абы. - КъБР-м мамырыгъэра зэгурыІуэныгъэрэ щыгъэбыдэныр аргуэру кьызэрыІэтауэ, нобэр кьызідзкьым Бахьрейн пащтыхьыгъуэм къаугъэхэр щокІуэкІ.

Зэран зыхуэхъур

Урысейм, Белоруссием, Къзахъстаным кьалытэ Минск хуэгъэзауэ кьащта экономикэ санкцэхэр бгъэзэщІынкІэ Іэмал имыІэу, Таможня зэгухьныгъэмрэ экономикэмкІэ зэгІу щІыналъэмрэ я лэжьыгъэм зэрыхуэхъуэм кьыхэкІыу. Апхуэдэ заявленэ кьыздащтащ къралищым я правительствэхэм.

«Санкцэхэм нэхъ гугъу ящІ сату Іуэхухэр, къэралхэм я экономикэ щынагъуэнщагъэр къагъэтІасхъэ, Евразием зэгъэужьыркъым. А санкцэхэм псом ящэ гугъу ирагъэхьыр щІыхуэ кьызэрыгъэКІащ», - щыжаІэ къэралищым я правительствэхэм а заявленэм.

Иджыри зозауэ

Дыгъуасэ жищым Израильм и къуэхьлъатэхэр аргуэру еуащ Газэ секторым и щІыналъэм. Зы щІыху хэкІуэдащ, зы уІэгъэщ.

Кхъухьлъатэхэр бомбэкІэ зэуар Газэ секторым и къуэкІыпІэ щІыналъэращ. Палестинэм бомбэхэр еутІыпщын Израильм щІидзащ мэрем пщыхьэщхьэм я зэрыщІэщ щІыху 16 хэкІуэдащ, 27-рэ уІэгъэ хъущ. ХэкІуэдахэм ящыщу «ЗыкъэзыІэта щІыхуэбэм и комитетхэр» зэгухьэныгъэм и Іэтащхьэ Зухейр Аль-Кейсиер абы и дэІэпыкъуэгъу Ханани Махьмудр. А гуауэр и лъабжьэу зэгухьэныгъэм и пащэхэм къащтащ Мамыру зэхущытыным теухуауэ Израильм Мысырым щращІыхІауэ щыта зэгурыІуэныгъэр афІэкІа зэрамыгъэзэщІнуэ и унафэ.

Иужьрей жэщ-махуэм кьриубыдэу Палестинэм и зауэлІхэм Израильм ирауГІыпщащ ракетэ зэмылІэужьыгъуэ 100, 27-р Израильм и ПВО-м икъутащ, щІыхуэ 4 уІэгъэщ.

Дыгъэм и удын

Иджыдлызым и астрофизик щІэныгъэ Адерин-Пикок Мэрги кьызэрихъуагъмкІэ, къзбдагъэ мазэ 18-м кьриубыдэу Дыгъэр сеъэлеяуэ гущІэу щытынуц, абы малъхьэдис борэн дьзрызехьэу 6 кьыщыхьунуц, апхуэдэ борэн къэ и къэрур зэрыщыгу ЩІым кьыжьхэхуэнущ.

Дыгъэм кьыщыхъу борэнхэм я нужьрей удыныр ЩІым кьыщысар тхьэмахуэ кІуэращ. Ар зэран хуэхъуакъым электроникэмкІэ, связымкІэ Іэмэпсымэхэм я лэжьэкІэм. Арщхьэкіэ, къэрал зэмылІужьыгъуэхэм щыпсэу куэдым я узынщагъэкІэ зыхащІащ а удынырщ.

НОБЭ

t Зэкъуэтыныгъэм и махуэщ.

Инджылызым и унафэ щІэта къэралхэм щагъэпІащІэ.

t Маврикий Республикэм и лъэпкъ гуфІэгъэщ - 1968 гъэм къэрал щъхьэуит хьауащ, 1992 гъэм республикэр кьыщыщэрагъэтща махуэщ.

t Гъатхэпэм и 12 - 16-хэм Венэ (Австрие) щекІуэкІынущ ООН-м наркотикхэмкІэ и комиссэм и 55-нэ зэІущІэр.

t Гъатхэпэм и 12 - 30-хэм Нью-Йорк щыІэхэтынущ ООН-м щІыхэм и хунтыныгъэхэмкІэ и комитетым и 104-нэ зэІущІэр.

t Гъатхэпэм и 12 - 15-хэм Страсбург (Франджы) щекІуэкІынущ Европарламентым и зэІущІэ.

t 1917 гъэм Урысейм пащтыхьыр щытрадзащ. Рабочэ, сэлдэт депутатхэм я Петроград Советыр къыздрагъэпэщащ.

Дунейм и щытыкІэнур:
«meteonovosti.ru» сайтым къызэритымкІэ, нобэ Налшык пшэ щытелъынущ, щІыІэу махуэм градуси 2 - 3, жэщым градуси 6-м нэс щыІэнущ.

Дыгъэр кьыщІэкІынущ сыхьэти 7-рэ дакьикъэ 22-м, кьуэхьжьнущ сыхьэт 19-рэ дакьикъи 8-м.

Хьэуа и псыІагьыр процент 74 - 81-м нэсынущ.

Плащэнэр лъэхъэхъэныр ГЪУЩІО Зарифи.

Гъуэгуанэ хьэлъэм и фэеплъхэр

● ПэкІухэр

Гъэ кьэси хуэдэу, гъатхэпэм и 8-м Долинск, балькъэр льэпкъыр зыхагъэта зэхэзехуэм хэкІуэдахэм я фэеплъыр дэж, щыгъуэ пэкІу щекІуэкІащ.

АР КЪЫЗЭІУИХАЩ «Алан» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Беппаев Суфян. ИужькІэ, мусылмэн дин хабзэхэм тету, зэхуэсахэм дыуэ ящІащ.

Мечиев Кязим и кьхащхьэм удз гъэгъахэр тралъхащ Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ І **Чеченов Ануар,** КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ І **Гертер Иван,** депутатхэм, министрэм, кьалхэмрэ куейхэмрэ я администрацэхэм я Іэтащхьэхэм, кьалэдэсхэм.

Щыгъуэ пэкІум хэтахэм кьаплъыхьащ фэеплъ мемориалым и пэшхэр, щыгъуазэ зыхуащІащ балькъэр льэпкъыр лъахэм щрашым ягъэва хьэзабым и щыхьэт тхьылъхэм, хьэпшыпхэм, республикэм кьагъэзэжу, абы и гъащІэм зэрыхуэвжа щыкІэр къэзыгъэлъэгъуэж сурэтхэм. А щыхьэт тхылъхэм, хьэпшыпхэм, сурэтхэм Іупщ І ящІ балькъэрхэм хамэщІым щагъэКІуа ильэс 13-р зыхуэдар. Фэеплъ мемориалым и лэжьакІуэ Теммоевэ Фаризэт зэрыжиІащи, льэпкъым и льэхъэнэ нэхъ хьэлъэ дыдэр кьэзыгъэлъэгъуэж хьэпшыпхэм кьаХэхъуэ эпытщ.

ШАВАЕВЭ Светланэ.
Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

● КъБР-м и Парламентым

Ялэжьам хэплъэжри…

Иджыблагъэ Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым щызэхэтащ абы и УнафэщІ Чеченов Ануар иригъэкІуэкІа зи чэзу зэІущІэ. Депутатхэр хэплъащ КъБР-м и дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхугъуэу 31-м. КъыщынэмыщІауэ, Парламентым 2011 гъэм илэжьа Іуэхугъуэхэр зыхуэдэр къыгъэпсыгъуэу, зэІущІэм къыщыпсэльащ Парламентым и Унафэщ І Чеченов Ануар.

ИУЖЬРЕЙУЭ хэплъэри, Іэ-Іэткіэ депутатхэм кьащтащ «КъБР-м ерыскъыкІэмкІэ и щынагъуэншагъэм», «2012 гъэмрэ 2013, 2014 гъэхэмрэ республикэм медицинэ страхованиемкІэ и ЩІыналъэ фондым иІэну бюджетым теухуауэ» законхэм я проектхэм хэр, нэгъуэщІхэри. ЗэІущІэм щыхэплъащ Урысейм и щыналъэ зэмылІэужьыгъуэхэм я хабзэгъэув органхэм Къэрал Думэм къыщыхалъхьа жэрдэм 13-м. Абы ящыщу депутатхэм пхагъэкІакъым УФ-м егъэджэныгъэмкІэ и Федеральнэ законым и 55-нэ статьям и 5-нэ пунктым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэныр теухуа законым и проектыр зымыдэр, - иджы а щыхьэт тхылъым къигъэувынущ лэжьэн щІэзыдзагъащІэ егъэджакІуэм и улахуэм процент 50-р щІыгъуэуэ етыныр, а Іуэхуэм текІуэдэну ахъшэр щІыналъэ бюджетхэм къауТІыпнщ. Ауэ а законыр кьащтэмэ, ди республикэм хуэгъэзащІэнукъым, текІуэдэну мыльку зэримыІэм къыхэкІыу.

2011 гъэм Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым иригъэкІуэкІа лэжьыгъэхэр хэлъхьэныр сальэм, Чеченов Ануар къыхигъэщащ гъатхэ, бжьыхь сессиехэм зыхуагъэувыжауэ щыта кьаІэн нэхъыщхьэхэр зэрагъэзэщІар. А Іуэм къриубыдэу Парламентым и зэІущІэ 14 ирагъэкІуэкІам кьащащтащ законы 122-рэ. Президиумым и зэІущІэу 40 зэхэтати, абы щыхэплъащ унафэ 456-м я протоколхэм. Парламент, жылагъуэ едэІуэныгъэу 7, конференцу 2, семинар-зэІущІэу 1, «Правительствэм и сыхьэту» 27-рэ, «СтІол хъурейуэ» 13 ирагъэкІуэкІащ. Комитетхэм я зэІущІэу 270-рэ зэхэтати, абыхэм ящыщу 50-р куейхэм кІуэурэ щыІэхуащэсащ.

- Дэ едгъэфІэкІуэн хуейщ дыІэрылажьэ Іэмалхэр, зэІущІэхэм я къызэгъэпэщыкІэр, нэхъыщхьэращи, тегъэщІапІэ щыпхъэр щыхуэхэр гъэмэщІэным пыщІа Іуэхуэхращ, - жиІащ Чеченов Ануар.

Парламентым и УнафэщІым къызэригъэльэгъуамкІэ, ар арэзы къыщІащ нэгъабэ хабзэгъэуэ орган нэхъыщхьэм иригъэкІуэкІа лэжьыгъэм.

КЪУНДЕТ Тыгъуэн.

● Пшыхьхэр

ЩІыхубзхэм папщІэ

ным къыпхуэмылъытэным хуэдиз къару ефхьэлІащ. Дигуми ди псэми къабгъэдэкІыу фІыщІэ фхудощІ фи зэхэщІыкІ дахэм, гу зэрабгъым, лэжьыгъэ хьэлэлым папщІэ. Фи гъащІэр ефІэкІуэн щхьэкІэ дэ тхуэзэфІэкІ псори доложь, дяпэкІи ди къарум деблэжьынукъым. ГуфІэгъуэ махуэм иреплІэу республикэм и цІыхубз льапІэхэм дыныбохъуэхъу узынщагъэ быдэ, мамырыгъэ, ефІэкІуэныгъэ фиІэну, фи хъуэпсапІэхэр къывжьъуІэну.

Ащхьуэт Ритэрэ Абэнокъуэ Рустамрэ концертым кьрихьэлІахэу КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и унафэщІ **Тау Пщыкъан,** республикэм щэнхабзэмкІэ и министр **Фырэ Руслан,** Шэрэдж куейм и Іэтащхьэ **Темиржанов Махьты** сымэ пэщым щІэс цІыхубзхэм я махуэщхуэм папщІэ зыхуагъэзэну щлельэІуэм, хъуэхъу дахэхэм кьадэкІуэу, усэ купщІафІэхэмэ кьахуэджащ.

Концертым кьрихьэлІахэм я нэгу зрагъэужьащ уэрэджыІакІуэхэу Уэтэр МуІзед, Гуаэзэ Тимур, Сокъур Ольгэ, Абэнокъуэ Рустам, Гаазев Алим, Теппеев Алим, уэрэдымрэ къафэмрэ я «Амикс» театрым, «Кабардинка», «Балкария», «Кавказ» ансамблхэм хэтхэм зыкъагъэльэгъуащ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

ДУНЕЙМ И ЩІЫХЬІБАРХЭР

Сытым зыхуагъасэр?

Мэлыжьыхьым и 8-м щыщІэдзауэ и 18 хьуху Бахьрейным зыщагъэсэнущ США-мрэ КъуэкІыпІэ Гъунэгъуэм и къэрали 10-мрэ я ВВС-хэм. Абы хэтынущ дэ кьхъухьлъатэу 22-р.

А кьхъухьлъатэхэр яІщ Саудей Хьэрыпым, Бахьрейным, США-м, Оманым, Хьэрыпхэм я Эмират Зэгуэтым, Кьуейтым, Йорданием, Египетым, Таркум, Пакистанм я дзэхэм. Іуэхур хуэунэтІащ Персидскэ псыдзлъэдапІэм щынагъуэншагъэмрэ зэпІэзэрыгъэтыгъэмрэ кьыщызэгъэпэщыным.

Псалъэм кьыдэкІуэу жыпІэнумэ, Бахьрейным и кьэрал кІуэцІ политикэр егъэлеяуэ щытыкІэ хьэлъэм итщ. Нэгъабэ мазаем абы щыІуэрэ кьыщызэрыГэтри, гъатхэпэм Хьэрып кьэралыгъуэхэм я зэдзлъэжьныгъэм и советым кьигъэкІуа дзэм и кьарукІэ ахэр яГьэсабырыжат. Дзэр а щІыналъэм кьинащ, судкІэ щІыху 400 ягъэтІысу Іуэхум кІэух пыухыкІа игъэта пэтми. ИтІани, фокІадэм щІыхьэ гъунапкъэншэр кьыІэхыжькІух. Дэнэ щІыпІэ сыкІуэми, абы я щІыуэпсым, тхыдэм щыІуаэ зыІощІ. Кавказэр, абы и щыгу льагъэхэм хуэдэу, гъунапкъэншэу кьулейщ. Сэ аргуэру мы гъэм КъБР-м и сынэкІуэнущ, сызыкІунэмыса кьэхутэныгъэхэмрэ сыздэмыкІуа щыгухэмрэ иджыри щыІэщи. Сэ уэ, Арсен Башир и кьуэм, фІыщІэ пхузощІ щІалэгъуалэр зэкъуэшыгъэмрэ лъэпкъхэм я зэхуэдэныгъэмрэ хуэгъэзэнымк Іуэхуа политикэ зэребгъэкІуэкІым, ди Хэку иным - Урысей Федерацэм - ис лъэпкъ псори зэгурыгъэІуэным куэд зэрыхэпщІыхьым папщІэ. Сэ хэхуауэ щыгъуазэ зызощІ Урысей империем и къэзакъ дзэхэм я тхыдэм. Хуабжьу си гуапэ хуауащ фи деж а тхыдэ гъэзэджэр зэрыщІыщІэзгъэгъуэзжыр, къэзакъ кадет корпус къызэрыщыІэзгъэпэщыр. Уэшнагъэ бдыдэ уиІэну, цІыхубзм папщІэ ебгъэжьІэ пэжьыгъэщІэм уеХьулІэну сынохьуэхьу!»

ДЕРБИТ Кьазбэч,
КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапэм и лэжьакІуэ.

● Футбол

Фыдогъэблагъэ!

УРЫСЕЙ ФЕДЕРАЦЭМ ФУТБОЛЫМКІЭ И ПРЕМЬЕР-ЛИГЭ

ЩІыпІэ епланэ джэгуГыуэ

«Спартак-Налшык» - «Амкар» (Пермь) Налшык.

«Спартак» стадион. Гъатхэпэм и 12-м. Сыхьэт 16-рэ дакьикъэ 30-м. ЗэІущІэм еплыну хуейхэм пщІэ Іахьнукъым.

Гу зылъытапхэ

ІУЛЬХЬЭ зэрызэІэпахым, коррупцэм пыщІа Іуэхуэхэр зэралэжьым е алэжьыну зэрызагъэхьэзырым теухуа хьэбархэм фыщыгъуазэмэ, сыт хуэдэ зэманым фыпсалъэ хьунущ Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и лэжьыгъэ лэжьыгъэ **8(8662) 47-17-79, 47-32-56** телефонхэмкІэ.

Урысейм и Сбербанкым и Къэбэрдей-Балкъэр къудамэм 2011 гъэм и дыгъэгъазэм итыр щІидзащ «Credit Momentum» кредит картэхэр. Ноб ар ди республикэм къыщызыгъэсэбэпхэм я бжьыгъэр щІыху 1.300-м щІегъуащ.

А КАРТЭ Ілэужьыгъуэгъэкъратыным щІэлъэІуу банкым кьекІуалІэхэм кьыщыкІуа махуэм яІыгъыу щІокІыжьхэр, щыхьэт тхылъхэри щІыпІэхуэпхъэсын щхьэусыгъуэ щыІэжьым. КьыкІэлъыкІуэ махуэр лэжьэгъуэмэ, ахъшэр къэгъэсэбэпын щІэбдзэ хьунущ.

Урысейм и Сбербанкым дуней псом кІуэ пэтми гулъытэ нэхъ кьыщыхуащІ. Псалъэм папщІэ, «The Economist» журналым кьызэрытригъэдзамкІэ, зи акцэхэр иужьрей илъэси 10-м кьриубыдэу нэхъ лъапІэ хьуа Іуэхущ Іапэхэм я рейтингым абы етІуанэ увыпІэр щиубыдащ. Абы къызэрибжамкІэ, Сбербанкым и акцэу США-м и доллари 100-м кьыщІэкІым хуэдиз ильэси 10 и пэкІэ къэзыщэхуахэм нобэ хэхьуэу яІэщ доллар 3.722-рэ. Абы нэхъ нэхьыбэ хэхьуэ зиІэр АррІе компаниеи и акцэхэм я закъуэщ - доллар 3.919-рэ. Рейтингым япэ увыпІи 10-р щызыбыдахэр мы Іуэхущ Іапэм ГІым куэдкІэ кьыкІэроху. Ещанэ увыпІэр зыубыда «ConocoPhillips» щІыдагъэ компаниеи и хэхьуэр доллар 1.400 кьудейщ зэрыхьуэр.

Сбербанкым нэмыщІ, а Іуэхущ Іапэм 10-м хиубыдар зы ахъшэ хьумапІэ закъуэщ - зи акцэхэм хэхьуэу доллар 1.150-рэ къызыпэкІуа «Banco do Brasil» банкращ.

Рейтингым кьыщалъытащ дуней псом нэхъ щыпсэрэзехьэ корпорацІэу 200-м я лэжьэкІэр. Ауэ 200-р Сбербанкым и дежкІэ мащІэщ. Абы кьалэн нэхъыщхьэу зыхуигъэувыжаащ дуней псом и ахъшэ хьумапІэ нэхъыфІу, нэхъ кьулейуэ щыІэ банки 10-м я бжьыгъэм 2014 гъэ щІоІэнэ хьыхьэн хуейуэ.

«Brand Finance Global 500 2011» рейтингымкІэ, Сбербанкым и дамыгъэр кьалытащ Урысейм и дамыгъэ нэхъ лъапІэу, Европэ Курыт щыпсэу ЩІыпІэмрэ я банкхэм щыщу нэхъ укъэзымыгъэщІэхъуныхуэм я 9-нэу «Global Finance» журналым ар кьыхихащ.

БЭГЪЭТЫР Аизор.

Дэнэ щІыпІи къыщалъытэ

● ПэкІухэр

Гъэ кьэси хуэдэу, гъатхэпэм и 8-м Долинск, балькъэр льэпкъыр зыхагъэта зэхэзехуэм хэкІуэдахэм я фэеплъыр дэж, щыгъуэ пэкІу щекІуэкІащ.

АР КЪЫЗЭІУИХАЩ «Алан» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Беппаев Суфян. ИужькІэ, мусылмэн дин хабзэхэм тету, зэхуэсахэм дыуэ ящІащ.

Мечиев Кязим и кьхащхьэм удз гъэгъахэр тралъхащ Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ І **Чеченов Ануар,** КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ І **Гертер Иван,** депутатхэм, министрэм, кьалхэмрэ куейхэмрэ я администрацэхэм я Іэтащхьэхэм, кьалэдэсхэм.

Щыгъуэ пэкІум хэтахэм кьаплъыхьащ фэеплъ мемориалым и пэшхэр, щыгъуазэ зыхуащІащ балькъэр льэпкъыр лъахэм щрашым ягъэва хьэзабым и щыхьэт тхылъхэм, хьэпшыпхэм, республикэм кьагъэзэжу, абы и гъащІэм зэрыхуэвжа щыкІэр къэзыгъэлъэгъуэж сурэтхэм. А щыхьэт тхылъхэм, хьэпшыпхэм, сурэтхэм Іупщ І ящІ балькъэрхэм хамэщІым щагъэКІуа ильэс 13-р зыхуэдар. Фэеплъ мемориалым и лэжьакІуэ Теммоевэ Фаризэт зэрыжиІащи, льэпкъым и льэхъэнэ нэхъ хьэлъэ дыдэр кьэзыгъэлъэгъуэж хьэпшыпхэм кьаХэхъуэ эпытщ.

ШАВАЕВЭ Светланэ.
Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Рейтингым кьыщалъытащ дуней псом нэхъ щыпсэрэзехьэ корпорацІэу 200-м я лэжьэкІэр. Ауэ 200-р Сбербанкым и дежкІэ мащІэщ. Абы кьалэн нэхъыщхьэу зыхуигъэувыжаащ дуней псом и ахъшэ хьумапІэ нэхъыфІу, нэхъ кьулейуэ щыІэ банки 10-м я бжьыгъэм 2014 гъэ щІоІэнэ хьыхьэн хуейуэ.

«Brand Finance Global 500 2011» рейтингымкІэ, Сбербанкым и дамыгъэр кьалытащ Урысейм и дамыгъэ нэхъ лъапІэу, Европэ Курыт щыпсэу ЩІыпІэмрэ я банкхэм щыщу нэхъ укъэзымыгъэщІэхъуныхуэм я 9-нэу «Global Finance» журналым ар кьыхихащ.

БЭГЪЭТЫР Аизор.

Лъэпкъ Іуэщыгъэ:
Къаруушхуэ нэхърэ - акъылышхуэ.

● Іуэрыіуатэ - дыщэ пхъуантэ

Дагъыстан лъэпкъхэм я таурыхъхэр

Лъэпкъ куэд исщ Дагъыстаным - авархэр, лезгинхэр, къумыкъухэр, лакхэр, даргинхэр, тэбасэранхэр, нэгъуэщІхэри. Іуэрыіуатэ кІуачІэ къадогъуэгурыкІуэ абыхэм: пасэрей уэрэдыжьхэр, таурыхъхэр, шыпсэ, псы-сэ зэмылІэужьыгъуэхэр, абыхэм ящыщ дэтхэнэми щызыхыбощІэ дагъыстан лъэпкъхэр зэрыгурыхуэр, я Іуэрыіуатэхэр зэрыкущІафІэр, гупсысэ куукІэ зэрыгъэнщІар. Ар яхужыпІэ хъунущ дагъыстан таурыхъхэми. Нобэ щыгъуаэ фыдощІ апхуэдэ зыбжанэм. Гу зэрыльытэгъуафІэщи, ахэр зыми хэмыгъуащэ лъэпкъ фащэкІэ гъэпсащ, я купщІэкІэ зэмылІэужьыгъуэщ, щІэщыгъуэщ, аращ ахэр гукъинэ щІэхъур.

Сурэтхэр зыщІар Николаев Юрэщ.

Узыгъэпэжыр уи ныбжьэгъущ

ЗЫ фыз псэурти, къуэ закъуэ иІэт, Алъэчыкіэ еджэу. Ар балигъ хъури, щІалэ екІу къыщІыкІащ.

- Балигъ ухъуакІэщ, си щІалэ. ЗекІуэ и вакъэ лажьэркъым, ежьи, зыгуэр къэгъхъэрычэт, - жиІащ щІалэм и анэм. - Гъэгуэм уэ нэхьрэ нэхьыжь ущрихъэлІэмэ, «ди адэ» жеІэ. Уи ныбжь уІуущІэмэ, къэшущ зэрыплъытэнур. Абы жепІэнуращ: «Гъуэ дызэрызэхуэхъуар си гуапэщ, ауэ, мо кІуаужм сыдыхъэн хуейщи, укъыспэпльэн?» Къыпэтлъэмэ, ар ныбжьэгъу къыпхуэхъунущ. Фежьэжрэ зы теуэгъуэ зэпыфчмэ, жепІэнуращ: «Сешащ, дегъэтЫысэхи, зыдгъэгъэпсхУ». Гъуэмылэр къытелъхьи эдэфщх. Фышхэнщи фежьэжынщ, псы икІыпІэм фынэсмэ, уи вакъэр япэлъых. Уи гъуэсэм цІыхухэ хэльмэ, къыбжиІэнущ: «Уи вакъэр зыльымых, си щІыб къитІыхьи, сэ узэпрыхъынщ псым». Ар къыбжиІэмэ, ныбжьэгъу пхуэхъунущ.

И анэм къигъэІущщ-къынущийри, Алъэчыкіэр гъэзгу теХьащ. Гъуэгуэм зы лІыжь щрихъэІащ. Заулрэ кІуаУэ, щІалэм жиІащ:

- Сэ мо къуажэм сыдыхьэн хуейщи, къэзгъэзэжьхУ укъыспэпльэн, тхьэмадэ?

Іукіуэтри, Алъэчыкіэр пабжьэм хэтІыхьащ. ЛІыжьыр къэувыІагъэхэхъым, и гъэзгу теувэжри екъжьащ.

Алъэчыр и закъуэ екъжьащ, гъэгуэм зы щІалэ щрихъэлІэри гъуэсэ зэхуэхъуащ. Заулрэ кІуаУэ, Алъэчыр жиІащ:

- Сэ мо къуажэм сыдыхьэнущи, къэзгъэзэжьхУ укъыспэпльэмэ, ст гуапэ хъунут.

Алъэчыр Іукіуэтри пабжьэм хэуващ. Гъуэсэ къыхуэхъуар гъуэгуэнащІэ удэпщІэм хэтІыхьащ зыкъып